

<b>Tèm: Regularizasyon</b>	<b>2</b>
<b>Sa w'ap bezwen pou antre chili selon chak nasyonalite</b>	<b>2</b>
<b>Antre chili</b>	
Fason pou antre	4
Regilye	4
Iregilye	5
<b>3. Sitiyasyon migratwa aktyèl</b>	<b>5</b>
<b>Kisa mwen dwe fè pou'm ka mande viza nan chili?</b>	<b>5</b>
a) Sak pase si touris mwen espire?	6
b) Ki sak pase si mwen genyen viza an demach	7
c) Mwen kapab oubyen mwen pa kapab travay?- pèmi travay	8
d) Mwen ka soti nan peyi a?	
e) Ki sak pase si viza a gentan aprouve?	8
f) Kèk pa ou dwe fè pou renouvre viza( prolongeman oubyen chanjman viza)	9
g) Postilasyon Pèmanans definitif	9
<b>4- Ou Antre Chili epi ou genyen pèmisyon touris ajou?</b>	<b>10</b>
<b>5. Diferan tip viza yo.</b>	<b>11</b>
a) Viza sijè ak kontra	11
<a href="https://www.extranjeria.gob.cl/visa-sujeta-a-contrato/">https://www.extranjeria.gob.cl/visa-sujeta-a-contrato/</a>	11
b) viza tanporè pou profesyonèl ak teknik nivo siperyè, ki gen 2 ou oubyen plis kontra, kap touche nan lòt peyi etranje, jounalis ak profesyonèl nan rezo komunikasyon.	11

f) Visa tanporè pou inyon sivil

<https://www.extranjeria.gob.cl/media/2018/11/20.11.18-RequisitosVisaTemporariaPrimeraUnionCivil.pdf> 12

g) Visa tanporè timoun ak adolesan

12

i) visa tanporè pou moun ansent ak moun ki nan trètman medikal

<https://www.extranjeria.gob.cl/media/2018/11/20.11.18-RequisitosVisaTemporariaPrimeraEmbarazadasTratamientoMe%CC%81dico.pdf> 12

j) Lòt viza tanporè pou ptit etranje ki antranzisyon, viza pou moun ki te rezide, visa tanporè pou relijye, viza tanporè pou moun ki an retèt ak moun ki genyen byen, viza tanporè pou envestisè ak komèsan.

12

**6. Si ou deyò chili oubyen ou genyen kèk fanmi ki ta vle tramite yon viza konsilè**

12

Viza Reyinifikasiyon Familyal:

12

Viza Responsabilite Demokratik:

13

Viza Touris

14

**7. Konbyen tan ki ka pase anvan mwen jwenn notifikasyon sou viza an demach?**

15

**8. Konbyen kòb viza a koute?**

15

**9. Kisa'm dwe fè si yo ta pa aksepte demand viza mwen an**

16

## Tem: Regilarizasyon

### 1) ESPLIKASYON SOU SA MOUN BEZWEN POU ANTRE CHILI POU CHAK NASYONALITE

Nasyonalite	Papye w'ap gen bezwen pou Visa Touris Konsilè	Dokiman pou antre	Tip viza selon nasyonalite
Argentinn		Kat idantite oubyen dokiman ekivalan	MERCOSUR
Perou		Kat idantite oubyen dokiman ekivalan	
Bolivi		Kat idantite oubyen dokiman ekivalan	MERCOSUR
Brezil		Kat idantite oubyen dokiman ekivalan	MERCOSUR
Irigwe		Kat idantite oubyen dokiman ekivalan	MERCOSUR

Paragwe		Kat idantite oubyen dokiman ekivalan.	MERCOSUR
Ekwatè		Kat idantite oubyen dokiman ekivalan.	
Kolonbi		Kat idantite oubyen dokiman ekivalan	
Venezyela	Wi		Responsabilite Demokratik
Panama		Kat idantite oubyen dokiman ekivalan.	
Kosta Rika		Kat idantite oubyen ekivalan	
Nicaragwe		Kat idantite oubyen ekivalan	
Gwatemala		Kat idantite oubyen ekivalan	
El Salvadò		Kat idantite oubyen ekivalan	
Ondiras		Kat idantite oubyen ekivalan	
Ayiti	Wi		Reyinifikasyon Familyal
Republik Dominikènn	Wi		
Kiba	Wi		

Pòtoriko			
----------	--	--	--

## 2. Antre chili

Fason pou antre:

a) Regilye, Atravè

-Viza touris : se yon pèmi ki pèmèt yon moun rete nan chili pou 90 jou, nan ka yo ta ba'w li pou mwens jou ou ka ogmantel pou tan ki rete a, anplis ou kapab mande pwolonje pèmi sa pou 90 jou anplis, li koute 100 dola.

-Pèmi yo ba ou nan peyi orijin: li ka yon viza touris konsilè ( gen kèk peyi ke yo egzije li epi lòt non)

b) Iregilye, atravè

**-Antre pa fwontyè ilegal oswa ki pa otorize**

Nan ka sa, moun lan dwe pran yon lè kote'l dwe antre nan link sa <https://reservahorapdi.extranjeria.gob.cl/ingreso> pou denonse sa nan Polis Envestigasyon.

Li enpòtan pou'w konnen yon fwa kè'w kòmanse ak pwosesis otodenons lan, yo pral gen pou voye yon notifikasyon ka pral mansyone pou kite peyi a. Yon fwa ke yo avize moun lan, y'ap ba li 10

jou ki konte de lendi a vandredi pou'l kapab prezante yon resous pou defann tèt li. Si'l pa fè anyem, apresa Direktè Nasyonal oswa Rejyonal la pral pwosede pou voye lèt depòtasyon pou li.

Si yon moun genyen lèt ekspilsyon an ajou , li dwe aproche byen vit nan kèk klinik jiridik SJM, oubyen enstitisyon ki bay konsèy jiridik, ansonm ak dokiman sa a pou ka realize prezantasyon pa vwa jidisyè oubyen administratif ki ka revoke sanksyon sa a.

Si moun lan pa ka jwenn notifikasyon an, sa ki rekòmande se pou li rete tann notifikasyon an epi nan ka kote li chanje kay oswa adrès, li dwe enfòme sa nan PDI pou pwosesis ka fèt pi rapid..

### 3. Sitiyasyon migwatwa aktyèl

#### a) Kisa mwen dwe fè pou mwen ka mande viza nan Chili?

Yon fwa ou gen tout dokiman ou bezwen yo pou tip viza ou ta vle genyen an. E sa pral depann kote w'ap viv la, ou dwe:

- Ap viv nan kenpòt rejyon nan Chili: voye dokiman ou yo nan Correo de Chile nan Clasificador 8 Correo central de Santiago

Si ou voye dokiman an, ou dwe rete tann yo voye notifikasyon ke pwosesis la an demach, oswa ou kapab verifye nan paj Extranjería y Migración  
<https://consultas.extranjeria.gob.cl/index.action>

Apre ou fin resevwa notifikasyon an, si ou mande pèmi pou travay ou dwe peye 50% vale viza a (revize valè yo nan

<https://www.extranjeria.gob.cl/aranceles/>.

Depi nan moman ou jwenn pèmisyon sa , ou abilite pou'w kapab travay, konsa ou kapab kòmanse peye kotizasyon pou ka konnen plis sou dosye sa revize seksyon travay MigrApp.

Apre sa w'ap resevwa yon lòt enfòmasyon nan Depatman Etranjè ak migrasyon kote y'ap di'w si demand lan aprouve oubyen yo pa asepté'l, nan ka yo ta aprouve li, ou dwe:

- a) Peye viza a, epi apresa retire visa elektwonik lan <https://tramites.extranjeria.gob.cl/>
- b) Pran yon lè sou poj PDI nan link sa <https://www.pdichile.cl/> nan opsyon "Certificado de Registro de primera visa" pou'w kapab abrejistre viza on.
- c) Pran yon lè nan Regis Sivil pou mande kat idantite chilyen an.

b) Kilè mwen ta dwe mande ekstansyon pèmi rezidans tranzitwa a?

Si ou gen Pèmi Pèmanans Tanporè (PPT), ou dwe mande ekstansyon li anvan dat ki endike ekspirasyon li, sepandan, li pral rejte.

Li ta dwe remake ke ekstansyon PPT a pral pou yon lòt 90 jou.

Pwosedi sa a fèt sou entènèt nan [link](#)

Pri ekstansyon sa a se 100 dola, kèlkeswa nasyonnalite. Moun ki pokonan gen 18 pa peye demanch sa..

*\*Toujou rekòmande itilizatè a fè ekstansyon an anvan dat ekspirasyon papyel, pou yo pa ekspose pou peye amand.*

c) Kisa ki ka pase si mwen gen pèmi an nan pwosesis?

Nan ki etap li ye? - Depi konbyen tan ou te voye demann lan? - Èske yo te fè'w konnen apwobasyon an? Li enpòtan pou kapab poze kesyon sa yo pou chèche konnen si pwosesis la te kòmanse oswa ou pa, depi konbyen tan pou fè yon apwoksimasyon de konbyen tan li ta ka pran (aksepte oswa rejte).

Li enpòtan pou nou konsidere ke an mwayèn premye pwosesis yon pèmi pran an mwayèn de 6 a 8 mwa, sa vle di, depi lè yo voye aplikasyon an jiskaske Biwo Imigrasyon an bay yon repons ofisyèl si se wi ou non pèmi a nan pwosesis.

\*Nan kèk rejyon pwosesis sa a ka pran mwens tan.

d) Èske mwen ka travay oswa mwen pa ka travay? - pèmi travay valab

Li rekòmandab pou moun lan kòmanse travay yon fwa pèmi travay lan sòti.

Yon lòt bò, li enpòtan pou enfòme Règleman Imigrasyon an, nan atik 135°bis twazyèm paragraf li a, endike: "Moun ki te gen viza tanporè k'ap retounen mande'l ak moun ki genyen visa sujetto a contrat oswa k'ap chanje yon viza pou mande yon lòt oswa k'ap mande rezidans definitif, gen fakilte pou kapab reyalize aktivite travay nan moman l'ap fè demand lan.

e) Èske mwen ka kite peyi a?

Si yo te avize moun lan ke pèmi an nan pwosesis, Lè sa, li gen otorizasyon pou kite peyi a epi antre san pwoblèm, li rekòmande pou moun lan pa fè anpil tan deyò, pa plis pase twa mwa.

### e) Ki sak pase si viza a aprouve?

Yon fwa yo aprouve viza, fòk ou swiv pa sa yo.

1. Mete viza sou paspò a
  - Peye valè ki korespan ak viza a nan banco estado.
  - Mete viza nan paspò oubyen nan tit rezidans la, pou sa ou dwe antre nan link sa pou fè demach lan <https://tramites.extranjeria.gob.cl/>
2. Registre viza nan PDI, depi nan yo te mete viza nan pòa, moun nan gen 30 jou pou li anregistre viza a nan PDI. li dwe fè sa sou paj PDI a nan link sa <https://www.pdichile.cl/>
3. Mande yon lè nan Rejis Sivil pou kapab sòti kanè a <https://www.registrocivil.cl/principal/servicios-en-linea/agendar-hora-cedula-identidad>

### f) Sa ou dwe fè pou renouvre oswa chanje viza

Li rekòmande pou moun lan postile 3 mwa anvan viza a espire, moun lan dwe konmanse tramite swa pou li prolonge viza aktyèl li genyen an (pwolonje pou yon ane) chanje tip viza. Pa ekzanp: premye viza ou te yon viza pou travay, kounyè a ou vinn gen ptit chilyen) oubyen postile pou pèmanans definitif (sèlman si li gen tout dokiman yo) nan lenk sa a gen plis detay sou prolongman viza

: <https://www.extranjeria.gob.cl/vivir-en-chile/visa-temporaria/prorroga/>

Si ou anvi soti Chili, li enpòtan konsidere ke apre 6 mwa deyò peyi a yo ka revoke otomatikman viza a, ou kapab pèdi viza a.

## g) Postilasyon Pèmanans definitif( PD)

Pèmanans definitif la se pèmisyon yo bay pou ka rete viv nan Chili endefiniman, ou ka mande li lè ou sou kont yon moun, ou pa dwe rete plis ke 180 jou deyò chili pandan dènye ane viza a, menm yo ka mande li tankou titilè oubyen depandan yon viza sijè a kontra men fòk ou genyen anviron dezan avèk viza sa a.

Nan ka ou genyen nenpòt lòt viza tanporè, ou dwe genyen pou pipiti yon ane depi titilè a ak moun ki depann de li yo.

Demand pèmanans definitif la dwe fèt nan 90 jou anvan viza moun lan genyen an espire.

Tout moun, endependamman de nasjonalite'l, dwe fè demach viza a nan link sa <https://tramites.extranjeria.gob.cl/> pou sa li dwe gen clave unica kote li kapab fè sa nan kenpòt biwo Chile Atiende.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ou dwe antre sou link sa <https://www.extranjeria.gob.cl/vivir-en-chile/permanencia-definitiva/>.

Tan pou tan (2 zan oswa plis) notifikasyon tramite a epi peye pèmanans definitif la.

Renouvele Pèmanans Definitif la (chak 5 an), si'w fè plis ke 2 zan deyò san ou pa avize, yo ka koupe rezidans la.

## 4. Ou te antre chili epi ou gen pèmi touris la ajo?

\*Dokiman PDI bay sou fontyè oubyen nan èpòt la nan moman ou te antre chili. kote yo mansyone kantite jou yo ba ou a.

Li enpòtan pou konnen ou gen dwa a 90 jou touris, sèlman si ou pa bezwen yon viza konsilè pou'w antre chili.

Si yo mete pèmisyon touris la pou pipiti tan ou ta renmen gen plis jou ou ka antre nan wèb Depatman Etranjè ak migrasyon <https://tramites.extranjeria.gob.cl/> pou mande yon lè epi ogmante pèmi an pou jou ki rete yo, pou ka rive nan total 90.

## 5. Tip viza yo.

Nan lenk sa ou pral jwen nan yo ap ka wè tout ti viza tanporè ke leta Chili ofri moun ki imigran ki ta swevte viv nan Chili.

<https://www.extranjeria.gob.cl/vivir-en-chile/visa-temporaria/>

a) Viza sijè ak kontra:

<https://www.extranjeria.gob.cl/trabajar-en-chile/visa-sujeta-a-contrato/>

b) Viza tanporè pou profesyonèl epi teknik nivo siperyè ki gen 2 oubyen plis kontra travay, kap touche aletranje, jounalis oubyen profesionaèl nan rezo komunikasyon.

- Sa wap bezwen nan rejyon metropolitèn nan <https://www.extranjeria.gob.cl/media/2019/04/20.11.18-RequisitosVisaTemporalPrimerasProfesionalesTematicos.pdf>

- Sa wap bezwen nan gouvènman provensyal  
<https://www.extranjeria.gob.cl/media/2019/05/RequisitosVisaTemporariaProfesionalesT%C3%A9cnicosGOB.pdf>

c) Viza akò sou viza rezidans leta peyi ki nan MERCOSUR Bolivia y Chile", naciones de Argentina, Bolivia, Brasil, Paraguay y Uruguay.

- Sa wap bezwen nan rejyo métropolitè nan  
<https://www.extranjeria.gob.cl/media/2019/02/20.11.18-RequisitosVisaTemporalPrimeraMERCOSUR.pdf>
- Sa wap bezwen nan gouvènman provensyal yo  
<https://www.extranjeria.gob.cl/media/2019/02/RequisitosVisaTemporalPrimeraMERCOSURGOB.pdf>
- Sa wap bezwen nan gouvènman provens Antofagasta  
<https://www.extranjeria.gob.cl/media/2019/02/RequisitosVisaTemporalPrimeraMERCOSURAntofagasta.pdf>

d) Viza tanporè pou moun ki gen lyen ak chilyen.(a)

- Se sa yo wap bezwen nan rejyon Métropolitèn  
<https://www.extranjeria.gob.cl/media/2019/02/20.11.18-RequisitosVisaTemporalPrimeraRM.pdf>
- Se sa yo wap bezwen nan gouvènman provens yo  
<https://www.extranjeria.gob.cl/media/2019/05/RequisitosVisaTemporalPrimeraGOB.pdf>

- Se sa yo wap bezwen nan gouvènman pwoens Antofagasta  
<https://www.extranjeria.gob.cl/media/2019/05/RequisitosVisaTemporalPrimeraAntofagasta.pdf>

e) Viza tanporè pou etranje ki gen lyen san ak fanmi ki gen pèmanans definitif.

- Se sa yo wap bezwen nan rejon metro politèn nan :  
<https://www.extranjeria.gob.cl/media/2019/04/20.11.18-RequisitosVisaTemporalPrimeraVi%CC%81nculoFamiliarResidente.pdf>
- Se sa yo wap bezwen nan gouvènman provens yo  
<https://www.extranjeria.gob.cl/media/2019/05/RequisitosVisaTemporalPrimeraV%C3%ADnculoFamiliarResidenteGOB.pdf>

f) Viza tanporè pou inyon sivil

- Se sa yo wap bezwen nan rejon Metropolitèn  
<https://www.extranjeria.gob.cl/media/2019/10/20.11.18-RequisitosVisaTemporalPrimeraUnionCivil.pdf>
  - Se sa yo w'ap bezwen nan gouvènman provens  
<https://www.extranjeria.gob.cl/media/2019/10/RequisitosVisaTemporalPrimeraUnionCivilGOB-1.pdf>

g) Viza tanporè viza tanporè tifi ak tigason epi adolesan yo

- Se sa yo w'ap bezwen nan rejon metropolitèn nan  
<https://www.extranjeria.gob.cl/media/2019/02/RequisitosVisaTemporalPrimeraNNA1.pdf>

- Se sa wap bezwen nan gouvènman pwovens yo  
<https://www.extranjeria.gob.cl/media/2019/02/RequisitosVisaTemporalPrimeraNNAGOB.pdf>
- Se sa yo wap bezwen nan gouvènman Antofagasta  
<https://www.extranjeria.gob.cl/media/2019/02/RequisitosVisaTemporalPrimeraNNAntofagasta.pdf>

h) Viza Etidyan

<https://www.extranjeria.gob.cl/estudiar-en-chile/>

i) Viza pou moun ki Ansent ak trèman medikal.

- Rejyon Metropolitèn se sa yo wap bezwen nan Rejyon Metropolitèn non  
<https://www.extranjeria.gob.cl/media/2019/07/20.11.18-RequisitosVisaTemporalPrimeraEmbarazadasTratamientoM%C3%A9dico.pdf>
- Se sa yo wap bezwen nan gouvènman provens yo  
<https://www.extranjeria.gob.cl/media/2019/07/RequisitosVisaTemporalPrimeraEmbarazadasTratamientoM%C3%A9dicoGobernaciones.pdf>

j) Lòt viza tanporè pou pitit etranje ki an tranzit viza tanporè pou moun ki te te rete nan chil viza tanporè pou moun ki an retrèt , viza pou moun ki se envestisè . <https://www.extranjeria.gob.cl/vivir-en-chile/visa-temporaria/>

6. Ou deyò chili ou genyen yon fanmi ou ta vle mande yon viza konsilè?

Si ou nan peyi kote ou fèt la oubyen ou genyen kèk fanmi ki enterese pou mande yon viza konsilè kèk nan altènatif yo se:

a) Viza reyinifikasyon familyal

b) Viza pou rete tanporè:

Viza sejou tranzitwa se otorizasyon davans Ministè Afè Etranjè a te bay atravè konsila a.

Pèmi pou rete tanporè sa a pèmèt moun lòt nasyon ki PA gen objektif pou yo rete nan peyi Chili antre, rete nan peyi Chili epi rete a pa ta dwe plis pase 90 jou. Li pa pèmèt yo fè aktivite ki peye, eksepte nan ka eksepsyonèl, deja otorize pa SERMIG. (SÈVIS MIGRASYON), osi lontan ke yo se aktivite espesifik ak sporadik.

Viza rete tranzitwa a ka valab pou jiska 10 ane. Yon fwa yo akòde, yo pral endike kantite admisyon ki pèmèt yo, si yo pa endike sa yo, yo pral konprann ke yo otorize yon kantite admisyon san limit pandan peryòd validite sa a.\*

\*Pou plis enfòmasyon spu pèmanans tranzitwa a, ou kopa revize nan link sa:

<https://serviciosconsulares.cl/tramites/visa-de-permanencia-transitoria>

7. Konbyen tan ki ka pase jiskaske'w jwenn notifikasyon viza a?

Nan moman sa a nou pa gen enfòmasyon de konbyen tan notifikasyon viza nan pwosesis la pran. Sèl bagay nou ka rekòmande sè ke ou tcheke detanzantan imèl ou endike nan moman an nan pwosesis pèmi a oswa viza, spam ak imèl vle, paske pafwa sa yo gen tandans yo dwe filtre nan bwat sa yo.

Sonje ou ka toujou revize eta tramite ou la nan lenk sa a <https://consultas.extranjeria.gob.cl/index.action>.

#### **8. Konbyen viza yo koute?**

Pri viza yo depann de peyi kote moun nan soti a, montan an varye epi depann de kalkil valè dola a genyen. Nan lenk sa w'ap ka revize valè pou chak peyi. <https://www.extranjeria.gob.cl/oranceles/>

#### **9. Kisa mwen dwe fè si demand viza mwen ta rejte oswa pa aksepte?**

Nan ka ke aplikasyon pèmi a rejte, li pi bon pou chèche konsèy legal pou kapab plede epi revoke sitiyasyon sa a.

Si'w vle jwenn sipò nan pwosesis sa, ou ka ale nan biwo SJM yo pou'w fè pwosedi sa gratis oswa ale nan yon Kòporasyon Asistans Jidisyè (selon kote moun nan abite).

#### **10. Mwen te antre pa fwontyè ilegal, kisa mwen dwe fè?**

Ou dwe fè deklarasyon volontè ke'w antre pa fwontyè ilegal dirèkteman sou sitwèb PDI a.

<https://www.pdichile.cl/tr%C3%A1mites-online/denuncia-por-ingreso-clandestino>.

Pwosedi sa sèvi pou anrejistre ke ou nan teritwa nasyonal la.

Ou dwe fè sa selon nouvo Lwa Imigrasyon ak Etranje a, se PA yon krim.

PDI pral rele'w yon jou, konfime ke done yo deja antre yo se vre epi pwosesis ekspilsyon an ap kòmanse.

Lè yo fè w konnen lòd ekspilsyon sa a, ou gen yon peryòd 10 (dis) jou ouvrab (lendi jiska vandredi) pou prezante egzeyat konsènan kòz ekspilsyon yo invoke a.

Yon fwa peryòd sa a fin pase, Direktè Nasyonal oswa Rejyonal la, selon ka a, ap pase pou dikte rezolisyon ki byen fonde, sètadi, ekspilsyon an.

Lè w gen ekspilsyon sa a li nesesè pou w apwoche yon òganizasyon ki bay konsèy legal pou kapab anile mezi sa a.

Ou ka ale nan biwo SJM yo pou resevwa konsèy gratis, òganizasyon sa yo disponib tou:

-Clínica Jurídica de Migrantes de la Universidad Diego Portales (Santiago)

-MigrAmigos (Santiago)

-Corporación de Asistencia Judicial (Todo Chile)

11. Ki kondisyon yo genyen pou mande regularize timoun ak adolesan yo? anvan Asistan Sekretè Enteryè a?

Batistè: kote non paran yo endike (orijinal oswa kopi otorize devan yon notè), kòmsadwa legalize pa Konsila Chili nan peyi orijin ak pa Ministè Afè Etranjè nan Chili, apostile.

Nan ka timoun ki akonpaye sèlman pa youn nan paran yo, pèmisyon ki te bay anvan vwayaj la pa paran an ki pa akonpaye timoun nan, kòmsadwa legalize oswa apostile.

Dokiman ki pwouve pwoteksyon dwa timoun yo, an tèm de sante ak edikasyon yo.

Enskripsyon nan sant sante nan peyi Chili

Enskripsyon/sètifikasi elèv regilye, nan lekòl oswa nan jadandanfan (jan sa apwopriye pou laj yo).

Si gen fanmi dirèk ki gen yon estati imigrasyon regilye, tache yon kopi kat idantite yo ak yon dokiman ki pwouve relasyon fanmi an.